

PROGRAM NO: 297

BEBAYANIPUN TIKUS TUMRAP KESEHATAN / DIPUNTAMPI KARANA NUGRAHA

Salam

Sedherek ingkang dipun sihi dening Gusti.

Sugeng pinanggih malih kaliyan kula ibu lilis wonten ing salebeting giyaran **adicara cahyaning agesang**. Kados pundi kawontenan panjenengan dinten menika pamiyarsa? menapa gesang panjenengan dinten menika wonten ing salebeting kabingahan, lan tansah kasil menapa ingkang panjenengan kajengaken? Inggih pandonga kula kahanan panjenengan kados makaten pamiyarsa, panci limrahipun sintena kemawon kita ngajeng ajeng ing kahanan ingkang kados makaten. Nanging ugi mboten saget selak. kala-kala kita ugi kedah ngadhepi prakawis ingkang dados momotan ing gesang menika. Nanging ingkang baku kita kedah tetep semangat ngadhepi gesang menika lan pitados bilih Gusti tansah nganthi kita. ing sadhengah kahanan.

Nah saking studio kula ngaturaken sugeng miyarsaaken.

Sedherek.

Saben kita tamtu jijik/gilo menawi ing griya kita kathah tikusipun, kejawi njijiki tikus ugi saget nuwuhaken penyakit ingkang mbebayani tumrap kesarasaning badan kita. Lajeng napa bebayanipun tikus tumrap kesarasaning badan kita ? nah ing pepanggihan kita dinten menika kula badhe ngaturaken katrangan ngengingi bebayanipun tikus tumrap badan lan pentingipun njagi karesikaning griya lan lingkunganipun, mangga dipun semak.

Sedherek.

Jaman sakmenika, amargi manungsa sansaya kathah lan mbetahaken papan/pekarangan kangge griya, pramila grumbul, alas lan pategilan, pekarangan, ugi sansaya kirang, mliginipun papan ing kitha, pramila sakmenika griya dados pating kriyel, empet-empetan. Lan lingkungan dados kirang resik. Kathah laler lan tikus. Awit tikus ingkang rumiyinipun saget gesang ing alas, grumbul, pategilan lan pekarangan sampun kaendhah dening manungsa, lajeng sakmenika gesang ing got, lan nyusuh ing griya.

Sedherek.

Menawi ing griya kita kathah tikus, tamtunipun kita risih lan jijik. Mboten namung njijiki kemawon sejatosipun nanging ugi kwatir menawi ganggu/mbebayani tumrap kesarasaning badan kita. Awit tikus mboten namung nyebaraken rereget, mboten namung nyusuh, nanging ugi nyebaraken penyakit.

Wiwit jaman rumiyin kita sampun mireng bilih tikus menika saget dados lantaran penyakit pes, penyakit pes inggih menika penyakit nular ingkang dipun sebabaken dening basil pes, ingkang dipun tularaken dening tumo-tumo ingkang wonten ing badanipun tikus dhateng manungsa. Kejawi menika tikus ugi saget ngandhung bakteri ingkang mbebayani tumrap kesarasaning badan kita, inggih menika ngandhung bakteri *Leptospira* ingkang saget dados jalaran penyakit leptospirosis, penyakit ingkang dipun tularaken dening kewan dhumateng manungsa, kalebet dipun tularaken dening tikus. Sejatosipun penyakit leptospirosis menika mboten namung dipun tularaken dening tikus kemawon, kewan sanesipun ugi saget nularaken, nanging bakteri ingkang kakandhut ing badanipun tikus ingkang langkung mbebayani lan ndrawasi menawi mboten dipun gatosaken. Bakteri *leptospira* menika gesang ing ginjelipun tikus, kanthi makaten saget kakandhut ing uyuhipun tikus. Lan tikus ugi saget nguyuh sakenggen-enggen, saget ing toya lan ing papan sanesipun. Penyakit leptospirosis menika saget nular dhateng manungsa ing wekdal manungsa ngambah papan ingkang nembe dipun uyuhi tikus, lan bakteri kalawau saget mlebet ing badanipun manungsa lumantar selaput lendir, mukosa mripat, irung lan kulit ingkang lecet. Dene tandha wiwitanipun tiyang ingkang nandhang penyakit leptospirosis inggih menika kados dene penyakit flu, inggih menika , watuk, pilek, ngelu, nggrees, nanging menawi dipun jaraken saget nyerang ginjel, liver, paru-paru, utek lan saget drawasi.

Sedherek.

Tikus mbebayani tumrap kesarasaning badan kita, pramila menika menawi wonten tikus ing griya kita kedah enggal kita brasta, kanthi cara njagi karesikaning lingkungan griya kita lan pekarangan kita supados mboten dipun saba tikus. Ampun ngantos wonten barang pating klumbruk sakenggen-enggen, ingkang saget paring wewengan kangge papanipun tikus nyusuh lan manak. Dados ampun ngantos paring wewengan tikus nyusuh ing griya kita kanthi cara njagi karesikaning griya. Tetedhan kedah dipun tutup kanthi rapet supados mboten dipun grayangi tikus. Lan ingkang langkung penting malih njagi karesikaning badan kita, siram sedinten kaping kalih, lan asring wijik tangan mawi sabun. sakbubaripun mlampah ing papan ingkang ngandhut toya kedah enggal wijik mawi sabun.

Nah pamiyarsa. Mencegah lebih baik daripada mengobati, pramila cara ingkang sae inggih menika njagi karesikaning badan lan lingkungan, menika wigatos sanget menawi kita kepingin gadhah badan ingkang sehat lan kalis saking penyakit-penyakit ingkang dipun tularaken dening tikus.

Sedhèrèk kula, saklajengipun kita badhé sesarengan kaliyan ibu Arin, ingkang badhé ngaturaken setunggaling gegilutan kanthi irah-irahan ***Kèndel Anggènipun Gumedhé***. Mangga sami dipunpidhangetaken.

Dipuntampi Karana Nugraha

Sedhèrèk kula, sakben taun wonten yutan tiyang ingkang nglamar dados PNS utawi pegawai negeri sipil. Nanging mboten sedaya tiyang ingkang nglamar dipuntampi, karana padatanipun ingkang dipuntampi jumblahipun tebih langkung andhap saking ingkang nglamar. Inggih ingkang dipuntampi, inggih menika tiyang ingkang lulus tèsn lan nyekapi sarat-sarat sanesipun. Nanging kita asring mireng, supados dipuntampi, wonten kathah calon PNS ingkang kedah ngedalaken arta atusan yuta rupiah. Wonten kathah calo PNS ingkang nawakaken jasanipun, lan sangsaya ageng tiyang wantun mbayar sangsaya ageng ugi kasempatan kanggé dipuntampi dados PNS. Menika kalawau sekedhik cariyos ngéngingi cara nampi PNS.

Wonten malih cariyos ngéngingi satunggalipun tiyang èstri enem ingkang saweg ngandheg, nanging mboten wonten satunggalipun tiyang jaler ingkang purun ngakèni jabang bayi ing kandhutanipun menika. Miturut tiyang èstri menika, bilih jabang bayi ingkang dipunkandhut menika, inggih menika laré saking pacanganipun ingkang minangka satunggalipun penyanyi ingkang kondhang, lan asalipun saking kulawarga sugih. Tiyang èstri menika ngupados kanthi kukuh kanggé nyakinaken tiyang sepuhipun laré jaler menika, menawi jabang bayi ingkang dipunkandhut menika laré saking penyanyi menika, nanging tetep kémawon tiyang sepuhipun lan laré jaler menika mboten purun nampèni. Satunggal-satunggaling margi supados jabang bayi menika saged dipuntampi, inggih menika kanthi cara tèsn DNA. Tèsn DNA menika badhé nedahaken sinten ta bapakipun jabang bayi menika. Lan saksampunipun jabang bayi menika lair, lajeng dipuntindakaken tèsn DNA, lan kanyata jabang bayi menika panci leres laré nipun penyanyi menika. Tiyang sepuhipun penyanyi menika kapeksa nampi jabang bayi menika, karana tèsn DNA sampun nyatakaken bilih jabang bayi menika panci leres yoganipun penyanyi menika. Asiling tèsn DNA mboten saged dipunbantah. Mboten namung menika kémawon, karana kanyata jabang bayi menika mirip sanget kaliyan penyanyi menika. Temah penyanyi lan tiyang sepuhipun menika kedah nampi jabang bayi menika.

Sedhèrèk kula, menawi kita kepingin medamel, kita kedah saged nyekapi sarat-sarat ingkang dipuntentokaken déning perusahaan utawi lembaga ing pundi kita kepingin medamel. Kanggé perusahaan-perusahaan ingkang ageng lan misuwur, pramila saratipun badhé cekap awrat, lan tiyang-tiyang pilihan kémawon ingkang saged dipuntampi medamel ing ngriku. Kados mekaten ugi wonten ing sekolahan, para murid ingkang kepingin sekolah wonten ing sekolahan ingkang saé kedah saged nyekapi sarat-sarat ingkang cekap inggil. Kathah siswa ingkang mboten saged nyekapi sarat ingkang mboten dipuntampi, kamangka piyambakipun kepingin sanget mlebet ing sekolahan menika. Nah, kala-kala tiyang sepuh purun mbayar pinten kemawon, supados larenipun saged dipuntampi wonten ing sekolahan ingkang saé lan ingkang dados klengen sedaya tiyang.

Sedhèrèk kula, menapa kita naté mikir, menapa ingkang badhé dumados saksampunipun kita tilar-ndonya? Menapa kita naté mikir, kita dhateng pundi saksampunipun tilar-ndonya? Wonten kathah

tiyang ingkang mikiraken ngéngingi tilar-ndonyanipun. Lajeng marsudi gesang kanthi saé, supados saged dipuntampi déning Gusti ing swargi. Ugi wonten kathah tiyang ingkang nindakaken upacara-upacara tartamtu, supados piyambakipun saged dipuntampi dening Gusti. Lan taksih kathah malih bab-bab ingkang dipuntindakaken supados saged dipuntampi ing swargi. Nanging ugi wonten kathah tiyang ingkang mboten mikiraken bab menika. Wonten kathah tiyang ingkang mboten naté mikiraken sekedhik kémawon ngéngingi tilar-ndonyanipun. Awit saking menika piyambakipun mboten naté nindakaken tumindak saé kanthi pangajeng-ajeng supados dipuntampi ing swargi. Wonten kathah tiyang ingkang mikir, bilih gesang ing ndonya menika namung kaping sepindhah, pramila piyambakipun kedah nikmati bab ingkang ngremenaken ngantos sak-katogipun, prekawis dipuntampi utawi mbotenipun ing swargi ing tembé mboten prelu dipun-manah sakmenika. Nah, tiyang-tiyang ingkang kados mekaten menika, padatanipun badhé ajrih sanget nalika ngadhepi wanci sekaratipun. Wonten kathah tiyang ingkang ajrih tilar-ndonya, karena piyambakipun ènget ing wekdal gesangipun mboten nindakaken kesaénan menapa-menapa, supados dipuntampi ing swargi.

Kados pundi kaliyan panjenengan piyambak? Menapa panjenengan naté mikiraken ngéngingi tilar-ndonya panejengan? Menapa panejengan naté mikiraken ngéngingi swargi? Utawi penjenengan ugi kalebet tiyang ingkang mboten purun mikiraken ngéngingi swargi sakmenika, karena panjenengan taksih kepingin nikmati karemenan dhiri panjenengan piyambak. Karena menawi panjenengan mikiraken swargi, pramila panjenengan kedah nindakaken bab ingkang saé, gesang suci, lan sanès-sanèsipun.

Sedhèrèk kula, menapa panejengan naté mireng ngéngingi tembung **nugraha**? Tembung nugraha artosipun wonten sakwetawis. Nugraha artosipun ganjaran utawi peparang saking pihak ingkang inggil, kados ta, tiyang-tiyang ageng, pemimpin utawi ratu, dhumateng tiyang-tiyang ing ngandhap, kados ta, tiyang-tiyang biyasa, pegawé utawi prajurit. Kados ta, tiyang nampi bintang maha putra saking pemerintah, utawi tiyang nampi nugraha paraban saking kraton ingkang dipun-nugrahaken déning ratu. Nugraha saged ugi dipun-artosaken peparang saking Gusti dhumateng umatipun utawi manungsa.

Sakben dinten kita nikmati bentering srengenge gratis/tanpa mbayar saking Gusti. Sakben wekdal kita ambegan nganggé hawa ingkang kanugrahaken déning Gusti. Jawah, bentèr, asrep, sedaya menika minangka nugrahanipun Gusti tumrap umatipun ingkang dipuntresnani. Kita nggadahi kulawarga, menika ugi minangka nugraha saking Gusti. Pendamelan lan keséhatan, menika ugi minangka nugraha saking Gusti kita Yésus Kristus.

Sedaya nugraha saking Gusti menika, sampun panjenengan sumerepi lan raosaken ing sakben dinten. Nah, menapa panjenengan sumerep, wonten nugrahanipun Gusti ingkang ageng sanget ingkang dipunparingaken kanthi tanpa mbayar/gratis tumrap umatipun? Nugrahanipun Gusti menika, inggih

menika gesang langgeng. Ing tembé Gusti badhé paring nugraha gesang langgeng menika dhumateng sok sintena kémawon ingkang pitados dhumateng Putra ontang-antingipun, inggih menika Gusti Yésus Kristus. Dhawuh Pangandikanipun Gusti kados mekaten:

Yohanes 3:16

Awit saka gedhéning sih-katresnané Gusti Allah marang jagad, nganti Panjenengané ngurbanaké Putrané ontang-anting, supaya saben wong sing precaya marang Sang Putra mau ora nemu karusakan, nanging ngalamana urip langgeng.

Sedhèrèk kula, gesang langgeng namung dipunparingaken dhateng tiyang ingkang pitados dhumateng Putra ontang-antingipun Gusti, inggih menika Yésus Kristus. Yésus Kristus inggih menika nugrahanipun Gusti ingkang dipunparingaken kanggé umatipun, supados sedaya umatipun ingkang pitados dhumateng Yésus Kristus katampi ing swargi. Umat manungsa ingkang dosa dipunapunten dosanipun lan nampi nugraha kawilujengan utawi gesang langgeng. Bab menika minangka satunggal-satunggalipun cara supados kita dipuntami ing swargi. Ing swargi mboten wonten dosa, karena Gusti menika Maha Kudus lan Maha Suci. Dados, manungsa ingkang dosa kedah dipunresiki dosanipun, supados saged dipuntampi ing swargi. Nanging manungsa mboten saged ngresiki dosanipun piyambak, manungsa mboten saged ngresiki manahipun piyambak, manungsa mboten saged nyucekaken dhirinipun piyambak.

Manungsa mboten saged ngresiki dosanipun mawi cara menapa kemawon, namung kanthi nampi nugraha lan pangapunten saking Gusti. Gusti paring nugraha dhateng manungsa lumantar Yésus Kristus ingkang sampun miyos ing ndonya, séda ing kajeng salib lan wungu saking séda.

Sedhèrèk kula, Gusti badhé nampi sakben tiyang ing swargi namung kanthi satunggal sarat, inggih menika pitados dhumateng Putranipun ingkang ontang-anting, Yésus Kristus. Panjenengan lan kula kalebet tiyang ingkang dipuntresnani Gusti, lan dipuntampi déning Gusti kanthi nampi nugrahanipun. Mangga kita sami pitados dhumateng Gusti Yésus Kristus, supados kita dipuntampi dening Gusti minangka tiyang ingkang pantes nampi nugrahanipun.